



Executive Office of Energy  
and Environmental Affairs



**REPONS POU KÒMANTÈ SOU PLAN AKSÈ YO**  
**Ki soti nan Biwo Egzekitif Afè Enèjetik ak Anviwònmantal (EEA) ak**  
**Depatman Sèvis Biblik yo (DPU)**

**Septanm 2024**

Nan dat 3 jen 2024, Biwo Egzekitif Afè Enèjetik ak Anviwònmantal yo (EEA) ak Depatman Sèvis Biblik yo (DPU) [te pibliye vèsyon preliminè Plan Daksè a Lang yo a \(LAP yo\) pou yon peryòd kòmantè biblik 60 jou](#). LAP yo te dekri pratik yo pral swiv pou asire moun ki gen kapasite limite nan anglè yo (LEP) kapab yon fason siyifikatif aksede epi patisipe nan pwogram, sèvis, ak aktivite yo gras a materyèl tradui ak entèpretasyon. LAP yo te tradui an panyòl, pòtigè, kreyòl ayisyen, chinwa, (senplifye ak tradisyonèl), vyetnamyen, ak kreyòl kapvèdyen.

Yon seyans ekout vityèl konjwen sou vèsyon preliminè LAP yo te òganize nan dat 2 jiyè 2024, ak yon seyans ekout an pèsòn nan dat 9 jiyè 2024, nan yon sant kominotè nan Roxbury. Anviwon 45 moun te patisipe nan seyans ekout sa yo. Nou te resevwa kòmantè siplemantè alekri anvan fen peryòd kòmantè a nan dat 3 out 2024.

Nou te resevwa kòmantè yo nan men moun ak òganizasyon sa yo:

- a) Kòmantè nan seyans ekout vityèl la
  - 1) Iris Coloma Gaines, Mass Law Reform Institute
  - 2) Elizabeth Puga
  - 3) Nadia Romanazzi
  - 4) Doris Maldonado Mendez
- b) Kòmantè nan seyans ekout an pèsòn nan
  - 5) Sasha Parody, Konsèy Planifikasyon Zòn Metropolis (MAPC)
  - 6) Priya Gandhir, Fondasyon Lwa Konsèvasyon (CLF)
  - 7) Berta Tavares, Vil Lynn
- c) Kòmantè ki soumèt atravè Formstack
  - 8) Kòmantatè ki pa idantifye
- d) Kòmantè biblik alekri ki te soumèt pa imèl
  - 9) Jolette Westbrook, Environmental Defense Fund, ak Priya Gandhir, Conservation Law Foundation
  - 10) Kevin F. Penders, Esq., Eversource; Ronald J. Ritchie, Esq., Liberty Utilities; Patrick Houghton, Esq., Boston Gas Company, Massachusetts Electric Company, ak Nantucket Electric Company, chak d/b/yon Grid Nasional; Brendan P. Vaughan, Esq., The Berkshire Gas Company; ak Matthew C. Campbell, Esq., Fitchburg Gas & Electric Company d/b/a Utili

EEA ak DPU te rezime epi reponn a kòmantè yo te resevwa sou vèsyon preliminè LAP a anba a. Chif la oswa chif yo ki swiv chak kòmantè a fè referans a kòmantatè yo ki nan lis pi wo a.

1. **Kòmantè:** Gen kèk ki te rekòmande pou pibliye tout kòmantè (alafwa dokiman sous la an anglè ak tout vèsyon tradui yo) an menm tan pou asire ekite (2, 9). Gen lòt ki te sigjere pou vèsyon tradui dokiman esansyèl yo afiche jan yo disponib la.

Si tout tradiksyon pa disponib an menm tan, endike kilè yo pral disponib sou sit entènèt la. (5, 6, 9)

**Repons:** LAP EEA ak DPU yo mande alafwa anglè ak vèsyon tradui materyèl ki dwe afiche an menm tan yo pou asire aksè ekitab.

2. **Kòmantè:** DPU a ta dwe mande tradiksyon/entèpretasyon otomatik dokiman esansyèl yo epi dokiman ak materyèl pwosedi nan senk premye lang ki pa anglè yo (panyòl, pòtigè, chinwa, kreyòl ayisyen, vyetnamyen) selon Sondaj Kominotè Ameriken an (ACS) olye de dis premye yo ki pwopoze nan vèsyon preliminè LAP la pou teritwa sèvis ak pwosedi espesifik pou kote yo. Pandan de ane ki genyen ant aplikasyon premye LAP sa a ak pwochen vèsyon an, DPU a ka ranmase done sou sèvis aksè a lang epi evalye avèk plis presizyon fason pou defini "lang yo pale regilyèman yo". (10)

**Repons:** Pou pwosedi espesifik sou teritwa sèvis la, LAP DPU final la mande tradiksyon ak entèpretasyon nan senk (oswa mwens) lang moun ki gen LEP. LAP DPU final la gen ladan yon anèks ki bay lis lang yo rankontre regilyèman nan tout nivo eta a ak nan teritwa sèvis la epi yo pral bay tradiksyon ak entèpretasyon pou yo. Lis sa a ka revize ak mete ajou ofiamezi done siplemantè yo vin disponib. Pou pwosedi espesifik pou kote yo, lang yo rankontre regilyèman yo pral detèmine nan antreprann yon analiz demografik lang nan nivo sektè resansman an nan zòn pwojè a.

3. **Kòmantè:** Definisyon "lang yo pale regilyèman" ta dwe an amoni avèk direktiv Ajans Pwoteksyon Anviwònman an (EPA) pou bay moun LEP yon aksè siyifikatif epi enkli lang "senk poustan oswa 1,000 manm pale, kèlkeswa sa ki mwens la, nan popilasyon moun ki elijib pou yo sèvi oswa ki gen anpil chans pou yo afekte oswa rankontre". Definisyon sa a pral pi byen rann kont pou diferan dansite popilasyon yo pase definisyon DPU pwopoze nan vèsyon preliminè LAP a. (9)

**Repons:** LAP final EEA ak DPU yo defini "lang yo rankontre regilyèman" pou pwojè ak pwosedi espesifik nan tout eta a, teritwa sèvis yo, ak kote yo. Yo te mete LAP yo ajou pou pran an kont done Sondaj Kominotè Ameriken (ACS) Biwo Resansman Etazini nan nivo sektè resansman an epi amonize yo avèk direktiv EPA yo pou pi byen sèvi moun ki gen LEP.

4. **Kòmantè:** Done resansman yo pa apwopriye pou defini "lang yo pale regilyèman" epi yo ta dwe konplete avèk done lekòl/sistèm medikal la. (5)

**Repons:** LAP EEA ak DPU yo rekòmande "nan itilize avèk done ki soti nan Sondaj Kominote Ameriken an (ACS) oswa lòt sous apwopriye" pou pèmèt pi gwo fleksibilite pou enkòpore lòt ansanm done sou lang yo pale nan Massachusetts ofiamezi yo vin disponib

5. **Kòmantè:** Lang Siy Ameriken (ASL) se pa toujou lang Siy prefere pou aksè a lang. Ki jan EEA a detèmine si yo bezwen lòt Lang Siy apa ASL? (8, Komantatè ki pa idantifye)

**Repons:** EEA ak DPU konte sou Komisyon Massachusetts la pou Soud and Moun ki Tande Di (MCDHH) kòm founisè ki gen kontra eksklizif nou an pou sèvis lang siy nou yo. MCDHH espesyalize sèlman nan Lang Siy Ameriken epi li se sèl founisè ajans leta pou Commonwealth la.

6. **Kòmantè:** Braille ta dwe enkli nan LAP la. Odyans publik yo ta dwe gen ladan aksè pou manm publik la ki gen pwoblèm pou tandem epi ki soud tankou langaj siy entèpretasyon ak/oswa kloz kapchonn (sou titraj). (5, 9)

**Repons:** EEA ak DPU pran angajman pou asire aksè siyifikatif pou moun ki gen andikap yo. Sou demann, EEA ak DPU pral bay lektè ekran ak tèks altènativ pou moun ki avèg oswa ki pa wè byen, ak entèpretasyon ASL oswa sèvis Tradiksyon an Tan Reyèl pou Aksè Kominikasyon (CART) pou moun ki soud oswa moun ki tandem di.

7. **Kòmantè:** Dokiman yo ta dwe kòmanse avèk entèpretasyon/tradiksyon rezime langaj ki klè epi answit tradiksyon dokiman an li menm. Kote sa posib, yo ta dwe evite "twòp langaj teknik oswa jagon" paske lè yo tradui/entèprete sa, li pa ede avèk konpreyansyon. (8, 9)

**Repons:** Mete plis langaj klè nan dokiman publik yo pou enfòme publik la epi ankouraje pi gwo patisipasyon publik la se yon priyorite pou EEA ak DPU. Politik Yerachizasyon ak Sansibilizasyon DPU a egzije tou pou petisyonè yo devan Depatman an soumèt rezime langaj klè sou pwopozisyon yo.

8. **Kòmantè:** Eksepte lang ki pi piti yo mande yo ka lakkòz diskriminasyon. (8)

**Repons:** Anplis de sa nan bay tradiksyon ak entèpretasyon nan lang moun ki gen LEP yo regilyèman rankontre yo, EEA ak DPU pral fè efò pou bay sèvis tradiksyon ak entèpretasyon sou demann san okenn frè dirèk pou moun ki mande sèvis la.

9. **Kòmantè:** Enfòmasyon enpòtan yo voye pa lapòs (tankou avi odyans publik yo) ta dwe make klèman epi enkli yon deklarasyon ki dekri kijan pou jwenn aksè a sèvis tradiksyon/entèpretasyon siplemantè apa sa LAP a egzije yo. (9)

**Repons:** Avi depo DPU yo pral gen ladan yo enfòmasyon nan dis premye lang Commonwealth la sou fason pou mande sèvis entèpretasyon ak/oswa tradiksyon pou moun ki gen LEP (paj 9, Plan Aksè a Lang).

Nan kad angajman nou pou aksè a lang, EEA pral asire korespondans ak avi yo gen ladan yo yon etikèt jenerik nan plizyè lang. Apwòch enklizif pèmèt elektè yo jwenn aksè a lòt lang si sa nesesè (paj 8, Plan Aksè a Lang).

10. **Kòmantè:** Ta dwe gen pi gwo amonizasyon ant Politik Yerachizasyon ak Sansibilizasyon DPU a, 21-50-A ak LAP a. Politik Yerachizasyon ak Sansibilizasyon an egzije pou petisyonè yo tradui materyèl anvan-depo yo nan twa premye lang ki pa anglè yo (Panyòl, Pòtigè, Mandaren) ak lòt lang yo mande yo. Sa pa an amoni avèk ogmantasyon kantite lang ki nesesè alafwa pou tout eta a ak teritwa sèvis la pwosedi nan vèsyon preliminè LAP la ki pral ogmante pri pou petisyonè yo. (10)

**Repons:** Sou baz sou fidbak nou te resevwa pandan peryòd kòmantè a, nou te mete LAP DPU a ajou pou amelyore aksè ak kalite sèvis, pwogram, ak aktivite Depatman an pou moun ki gen LEP yo. Egzijans aksè a lang nan LAP final la depase egzijans DPU 21-50-A. Depatman an pral bay plis konsèy pou asire amoni ant Politik Yerachizasyon ak Sansibilizasyon DPU a, 21-50-A ak LAP a.

11. **Kòmantè:** DPU a ta dwe gen yon Kowòdonatè Aksè a Lang a plen tan ki devwe pou sipèvize fòmasyon anplwaye yo, LAP a, ak kòmantè publik yo. (1, 9)

**Repons:** Mèsi pou sijesyon sa a. DPU ap konsidere opsyon rekritman li yo.

12. **Kòmantè:** Depatman an ta dwe "bay fòmasyon ak yon manyèl tèm teknik pou tradiktè ak entèprèt" paske sa pral bay tradiksyon/entèpretasyon ki pi egzat epi pèmèt moun ki itilize sèvis aksè a lang yo gen yon patisipasyon publik ki pi efikas. (9)

**Repons:** DPU a nan pwosesis pou devlope yon glosè tèm teknik ak akwonim yo itilize nan pwosedi Depatman an pou bay entèprèt ak tradiktè yo pou ede ogmante presizyon sèvis tradiksyon ak entèpretasyon yo.

13. **Kòmantè:** Pou evalyasyon ak mizajou ki pi efikas nan LAP a chak de ane, ta dwe gen yon sondaj fidbak pou moun ki itilize pwogram aksè a lang nan ka bay yon revizyon apre chak itilizasyon. DPU a ta dwe priyorize tou angajman/dyalòg ak itilizatè aksè a lang yo pou asire efikasite LAP a. (3, 6, 9)

**Repons:** DPU ap devlope kounye a yon sondaj pou ranmase fidbak sou bon jan kalite ak presizyon sèvis aksè a lang yo bay yo. Nou pral siveye fidbak itilizatè aksè a lang yo ak lòt entèvenan yo epi idantifye aksyon rekòmande yo ki ka enkli nan dènye nouvèl nan lavni nan LAP a. Nan kad gran mizajou anyèl Sekretarya a sou Estrateji EJ a, Depatman an pral fè rapò sou sèvis aksè a lang yo bay yo.

- 14. Kòmantè:** DPU a ta dwe ogmante sansibilizasyon sou sèvis aksè a lang pou plis manm piblik la itilize sèvis sa yo epi konnen tradiksyon an disponib nan 200+ lang. Pawòl nan bouch kapab yon fason efikas pou ankouraje patisipasyon. (6, 7, Komantatè ki pa idantifye)

**Repons:** Pou asire plis moun okouran de sèvis aksè a lang ki disponib yo, tout avi DPU sou depo yo pral gen ladan enfòmasyon nan chak nan dis premye lang Commonwealth la sou fason pou mande sèvis entèpretasyon ak/oswa tradiksyon pou moun ki gen LEP yo. Enfòmasyon sou aksè a lang sèvis yo pral afiche tou sou sit entènèt la epi pataje sou medya sosyal pou yon pòte ki pi laj. Sit entènèt DPU a gen ladan yon fonksyon ki pèmèt yon itilizatè chwazi pou wè pifò paj entènèt nan yon lòt lang. Fonksyon tradiksyon sou sit entènèt la disponib nan omwen 35 lang.

- 15. Kòmantè:** Kijan ou evalye dyalèk yo pou ofri tradiksyon ak entèpretasyon? Panyòl gen omwen 10 dyalèk epi kominote latino a pa monolitik. Manm Brezilyen nan kominote sa a prefere pòtigè, pa panyòl. (4, 8)

**Repons:** Anplis de itilizasyon done lang ki soti nan Sondaj Kominote Ameriken (ACS) Biwo Resansman Etazini an pou evalye lang/dyalèk yo pale, yo itilize opinyon ofisyèl minisipal yo ak gwoup kominotè yo pou idantifye lang/dyalèk kote yo pral bay tradiksyon ak entèpretasyon. Si yo pa bay yon lang ki nesesè pou aksè siyifikatif otomatikman, manm piblik la ka mande tradiksyon/entèpretasyon nan lòt lang.

- 16. Remak:** Byenke fòmasyon sou LAP a nesesè pou novo anplwaye yo, fòmasyon woutin nesesè tou pou asire tout manm pèsonèl yo (alafwa siperyè ak moun k ap travay dirèkteman avèk kominote yo) gen enfòmasyon ki pi ajou sou fason pou aplike LAP a. Fòmasyon an ta dwe kouvri travay avèk moun ki gen diferan kilti, kijan pou travay ak entèprèt yo, ak resous ki nesesè pou aksè a lang. Fòmasyon an ta dwe tou disponib pou anplwaye bileng pou yo ka sèvi kòm entèprèt ki ta ka ede ekonomize lajan. (1)

**Repons:** LAP a pral pataje avèk anplwaye, administrasyon, ak lidèchip. Yo pral fè fòmasyon peryodik pou asire nouvo anplwaye ak anplwaye alontèm yo konprann enpòtans LAP a epi yo abitye ak sèvis aksè a lang ak pi bon pratik.

- 17. Kòmantè:** DPU a ta dwe prioyize nan mezi sa posib, kontinite lè l ap bay aksè a lang, pa egzanp, fè moun ki rele plizyè fwa yo pale ak menm manm pèsonèl DPU a chak fwa, pou konstwi konfyans ant Depatman an ak piblik la. (9)

**Repons:** DPU a apresye opinyon sa a epi, lè sa posib, li pral fè moun k ap rele yo pale ak menm entèprèt la oswa manm pèsonèl la.

**18. Kòmantè:** Èske Divizyon Konsomatè DPU a ofri entèpretasyon sou apèl 24/7? 6

**Repons:** Wi, entèpretasyon pa telefòn sou demann nan plis pase 200 lang disponib 24/7 pou anplwaye tout Depatman an atravè founisè nou an, certified Languages International. Sistèm telefòn otomatik Divizyon Konsomatè a pèmèt konsomatè yo chwazi anrejistreman nan lang panyòl ak/oswa anplwaye ki pale panyòl. Divizyon Konsomatè a gen tou panyòl, kreyòl kapvèdeyen, kreyòl ayisyen, ak anplwaye ki pale pòtigè ki disponib pou reponn liy gratis la.

**19. Kòmantè:** Èske LAP DPU a aplikab tou pou Komisyon Chwa Sit Enstalasyon Enèjetik (EFSB)? 6

**Repons:** Non, EFSB pral pibliye pwòp LAP li.

**20. Kòmantè:** Google Translate ak AI gen aplikasyon limite pou travay DPU a akòz konpleksite/espesifisite tèm yo itilize yo. Yo bezwen entèprèt/tradiktè an dirèk e ki gen eksperyans. Si yo itilize Google Translate, yon entèprèt/tradiktè ki kalifye ta dwe revize materyèl la pou asire li egzat. (3, 8)

**Repons:** DPU a kounye a itilize tradiktè/entèprèt ki kalifye pou bay sèvis aksè a lang. Anplis de sa, DPU a nan pwoesisis pou devlope yon glosè ak tèm teknik ak akwonim ki itilize pa diferan Divizyon yo pral bay tradiktè/entèprèt yo pou ede ogmante presizyon sèvis aksè a lang yo.

**21. Kòmantè:** Gwoup Travay Aksè a Lang EEA a gen ladan manm kominate a? Èske DPU a gen pwòp Gwoup Travay Aksè a Lang li? (Kòmantatè ki pa idantifye)

**Repons:** Gwoup Travay Aksè a Lang EEA a gen ladan anplwaye atravè EEA ajans yo epi rankontre chak de mwa pou diskite ak kolabore sou pwoblèm ki gen rapò ak aksè a lang. Gen kèk nan ajans sa yo ki gen yon kowòdonatè aksè a lang aplentan. DPU a pa gen pwòp Gwoup Travay Aksè nan Lang li, men anplwaye yo adrese tèm ki gen rapò ak aksè a lang nan Jistis Anviwònmantal ak Divizyon Patisipasyon Piblik li an kolaborasyon avèk ekip EJ Depatman an, ki gen ladan anplwaye ki soti nan tout divizyon yo.